

# **NOUVO!**

## **VIYÈT SISTÈM ECHAPMAN POU KIZIN KOMÈSYAL (OT ASPIRANT) YO AP CHANJE!**

17  
16 18  
15 19  
14 20  
13 21  
12 22  
11 23  
9 24  
8 25  
7 26  
6 27  
5 28  
4 29  
3 30  
2 31  
1

Commercial Cooking Equipment Guru Inc.

Pierre Joseph Ekipman  
Kizin Komèsyal  
12345678 Maton 999

Company Commercial Cooking Equipment Group Inc.  
DBA \_\_\_\_\_  
NYC LIC # \_\_\_\_\_ 999  
Address 999 Main Street, Brooklyn, NY 11209  
Phone Number 999-999-9999

THIS EXHAUST SYSTEM HAS BEEN CLEANED AS REQUIRED BY NYC FIRE CODE 609.4.1 AND **MUST BE RE-SERVICED WITHIN 90 DAYS** FROM THE DATE PUNCHED. PROOF OF COMPLIANCE FOR USE BY CERTIFIED COMMERCIAL COOKING EXHAUST SYSTEM COMPANY.

PUNCH HERE IF PRECIPITATOR/POLLUTION CONTROL IS PRESENT

Unauthorized posting is a crime punishable by fine and/or imprisonment

JAN APR JUL OCT  
FEB MAY AUG NOV  
MAR JUN SEP ● C

2018 2019 2020

Peel here after punching

PUBLIC USE: Scan to check company info.

# VIYÈT OT ASPIRANT YO

## POUKISA SISTÈM ECHAPMAN POU KIZIN KOMÈSYAL (OT ASPIRANT) YO BEZWEN VIYÈT?

Kòd Dife Vil New York la egzije pou fè enspeksyon ak netwayaj regilyèman nan Sistèm Echapman pou Kizin Komèsyal yo ak lòt ekipman kizin komèsyal ki lage vapè ki gen grès. Viyèt ot aspirant yo gen enfòmasyon enpòtan konsènan Netwayaj Sistèm Echapman Kizin Komèsyal yo.

## POUKISA VIYÈT OT ASPIRANT YO AP CHANJE?

Depatman Ankèt (Department of Investigations, DOI) Vil New York te dekouvri gen plizyè konpayi netwayaj ot aspirant k ap patisipe nan aktivite ilegal. Nouvo viyèt ot aspirant yo pral verifiye ou te anboche yon konpayi FDNY te apwouve.

## KI PWOBLEM KI TE GENYEN AK ANSYEN VIYÈT OT ASPIRANT YO?

Ansyen viyèt ot aspirant yo te gen diferan gwosè, fòm, koulè, ak materyèl. Sa vle di li te fasil pou moun te kreye fo viyèt. Anplis, yo te pi difisil pou FDNY ak piblik la konprann ak idantifye.


## KISA NOUVO VIYÈT OT ASPIRANT YO SANBLE?

Nouvo viyèt ot aspirant yo vin estanda ak plizyè nouvo mezi sekirite. Se sèlman konpayi OT ASPIRANT FDNY te apwouve yo ki ka bay nouvo viyèt sa yo bay biznis. Manm pèsònèl FDNY yo ak piblik la ka idantifye viyèt ot aspirant yo byen fasil.

## KISA KI FÈ NOUVO VIYÈT OT ASPIRANT YO PI BON?

### Nouvo viyèt pou OT ASPIRANT gen mezi sekirite sa yo:

- Kòd QR  
Pèmèt piblik la ak FDNY jwenn aksè nan lis konpayi FDNY apwouve yo.
- Kouch Iltravyolè ak Koulè Metalik  
Bon kalite epi prèske enposib pou kopye.
- Kòd Ba  
Chak viyèt gen nimewo seri pa li.



## KILÈ NOU PRAL WÈ NOUVO VIYÈT OT ASPIRANT YO?

Kòmansè 15 novanm 2018

- Yo dwe mete nouvo viyèt yo apre antretyen.
- Ansyen viyèt ot aspirant nou te konn mete pou antretyen avan yo ap valid jiska dat ekspirasyon yo - men pa pi ta pase 14 fevriye 2019.

Kòmansè 15 fevriye 2019

- FDNY pral rekonèt sèlman nouvo viyèt ot aspirant yo, epi li pral bay sitasyon pou vyolasyon bay biznis ki pa gen viyèt apwopriye ki konfòme pou antretyen yo.



## KIJAN M AP FÈ KONNEN SI YON VIYÈT OT ASPIRANT SE YON FO?

Fo viyèt yo (gade foto sou bò dwat la) PA pral gen kouch iltravyolè metalik bon kalite a, oswa koulè kouch iltravyolè metalik la pral twò fonse.


## SO SÈTIFIKA APTIDID (CERTIFICATE OF FITNESS, COF) LA

### KISA YON SO SÈTIFIKA APTIDID YO?

Anplwaye konpayi netwayaj OT ASPIRANT ki te FÈ travay la yo menm bezwen itilize so COF yo apre yo fin fè travay la.

### So a pral genyen:

- Non konplè mèt Sètifika Aptitud la;
- Nimewo Sètifika Aptitud la;
- Non konpayi a, ak nimewo idantifikasyon li kapab gen logo konpayi a.



## KONSÈY

### KIJAN POU MWEN CHWAZI YON KONPAYI NETWAYAJ OT ASPIRANT?

Ou kapab chwazi yon konpayi FDNY apwouve (sou lis ki genyen nan <https://www1.nyc.gov/site/fdny/business/all-certifications/certificates-commercial-cooking-exhaust.page>) oswa eskane kòd QR a (pran foto li oswa telechaje yon aplikasyon lektè QR gratis epi verifiye si FDNY apwouve non konpayi a. Nou modiyè lis konpayi ki apwouve yo chak 30 jou.

PFE QR Code



### KIJAN POU M FÈ POU MWEN KA SÈTEN MWEN ANBOCHE SÈLMAN YON KONPAYI FDNY APWOUVE?

Avan konpayi a kòmanse travay la, mande pou montre ou nouvo viyèt konfòmite pou ot aspirant la. Se sèlman konpayi FDNY apwouve yo ki ka kòmande nouvo viyèt ak so COF yo. Eskane kòd QR a avan ou itilize konpayi antretyen an pou w ka sèten FDNY toujou apwouve li.



Rangehood QR Code

### KISA POU MWEN FÈ SI KONPAYI ANTRETYEN AN TOUJOU AP ITILIZE ANSYEN VIYÈT YO?

Ou dwe di moun yo nan konpayi a yo OBLIJE itilize nouvo viyèt ot aspirant yo. Si yo pa fè sa, anboche yon diferan konpayi ki sou lis apwouve FDNY LA.

### KI RISK MWEN GENYEN SI MWEN ANBOCHE YON KONPAYI KI PA OTORIZE?

Premyèman, w ap mete biznis ou, posesyon ou yo, kliyan ou yo, moun k ap pote sekou yo, ak piblik la an danje. Dezyèmman, ou pral resevwa sitasyon pou vyolasyon. Answit, si gen yon dife, konpayi asirans ou ka refize reklamasyon ou fè a.

### KIJAN POU MWEN POTE PLENT POU YON KONPAYI ANTRETYEN K AP REGLE AKTIVITE ILEGAL OSWA GEN POSIBLITE POU LI NAN FÈ MAGOUY?

Ou ta dwe rele FDNY TOUSWIT pou mete li okouran nenpòt pwoblèm nan 718-999-2533. Epitou ou ka voye yon imèl bay: FDNY nan [pubcert@fdny.nyc.gov](mailto:pubcert@fdny.nyc.gov)